"БИЛИМ"

# HA'REKETLI OYINLAR



# HA'REKETLİ OYINLAR

I-IV KLASLAR USHIN DİDAKTİKALIQ MATERİAL

*Respublikaliq oqiw-metodikaliq orayinin' ilimiy metodikaliq ken'esi ta'repinen usinilg'an.*

"BİLİM"BASPASI
NO'KİS-1996

74.113.7
H. 62.

Du'ziwshiler:
P. Shilmanov, M. Abutov. Ha'reketli oyınlar I-IV klaslar ushin didaktikalıq material. No'kis, Bilim, 1996. 36 bet.

© "Bilim" baspası, 1996.

## KIRIS SO'Z

Ha'reketli oyınlar o'sip baratırg'an jas a'wladlardın' den sawlıg'in jaqsılawda salamat a'wladtı ta'rbiyalawda birden-bir tiykar bolip esaplanadi. Milliy ha'reketli oyınlar ko'p zamannan berli xalqımız benen jasap, rawajlanıp kelmekte. Oyınlar bu'gingi ku'nge shekem de o'z maz-munın jog'altqan joq.

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararlarında keleshegimiz bolg'an jas a'wladlardın' salamatlıg'ın jaqsılawda sport oyinlarının' ayriqsha a'hmiyetli ekenligi atap ko'rsetilip, futbol, u'lken tennis penen birgelikte sporttın' basqa da tu'rlerin rawajlandırıwdın' za'ru'rligi atap ko'rsetilgen edi. A'sirese, milliy xalıq oyinların tiklew ha'm rawajlandırıwg'a ayriqsha g'amxorlıq ko'rsetiw haqqında ko'plegen jumıslar islenip atır. Bul qararlardan keyin respublikamızdın' barlıq tarawlarında sport oyınlarının' tu'rlerin, futbol oyınların rawajlandırıw ushin sport mekteplerin du'ziw ha'm jarislar o'tleriw, milliy xalıq oyinlarınan qasharman top oyını boyınsha da jarıs sho'lkemlestiriw waziypaları qoyıldı.

Mine usı tiykarda baslawısh klass oqiwshılarına usınılıp otırg'an qolın'ızdag'ı "Ha'reketli oyınlar" qollanbası dene ta'rbiyası pa'ni mug'allimleri ushın a'hmiyetli qosımsha material bolip esaplanadi. Qollanba baslawish klaslardın' dene ta'rbiyası pa'ni bag'darlaması boyınsha du'zildi.

Ha'reketli oyinlar ta'sirinde balalar belgili bir wazıypanı orınlawg'a, maqsetke umtılıwshılıqqa, o'z betinshe sheshimge keliwge ta'rbiyalanadı. Sonday aq bul oyınlar balalardın' denesinin' ha'r ta'repleme o'sip rawajlanıwına, olardın' den sawlıg'ına, iskerligine, uqıplıg'ın arttırıwg'a ta'sir etiwi so'zsiz.

Balalar arasında ha'reketli oyinlardi o'tkeriwde jas o'zgesheligin esapqa alıp oyındı duris tan'law ha'm sho'lkemlestiriw u'lken a'hmiyetke iye.

Oyin basqariwshisi balalardı jaqsı bilgen halda ha'r bir o'tkeriletug'in oyınnın' mazmunın, qag'iydaların joqari ustazlıq sheberlik penen durıs u'yrete alg'an jagdayda g'ana ta'lim-ta'rbiya jumıslarının' orınlanıwın ta'miyin etken boladı.





## Birinshi klass oqıwshıları ushın ha'reketli oyınlardın' dizimi ha'm I-IV-shereklerge bo'liniw kestesi.

| q/s | Oyınlardın' atları | Oyin qatari | 1 sherek | 2 sherek | 3 sherek | 4 sherek |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | An'shsılar ha'm u'yrekler | 1 | + | | + | + |
| 2. | Arqan aylandırıw | 2 | + | | + | + |
| 3. | Aq terekpe ko'k terek | 4 | + | | + | + |
| 4. | Alma teriw | 5 | + | | + | + |
| 5. | Alda qash | 12 | + | | + | + |
| 6. | Bir birin tartısiw | 19 | | | | |
| 7. | Dawisqa qulaq sal | 21 | | + | + | |
| 8. | Dawıstı tın'la | 23 | + | | | + |
| 9. | Jer almaq | 24 | + | | | + |
| 10. | Jasırınbaq | 26 | + | + | + | + |
| 11. | Jawın ha'm balalar | 27 | + | + | | + |
| 12. | Jol soqpaq | 28 | + | + | + | + |
| 13. | Bos orın | 29 | + | | + | + |
| 14. | Jasırılg'an zat | 32 | + | | + | + |
| 15. | Jip baylaw | 35 | + | | | + |
| 16. | Qıyıw | 39 | + | | + | + |
| 17. | Qaqpan | 40 | + | + | + | + |
| 18. | Jasırınbaq | 41 | + | | | + |
| 19. | Bes barmaq | 42 | + | | + | + |
| 20. | Haywanatlar qalay | 44 | + | | | + |
| | dawıslaydı? | 45 | + | + | + | + |
| 21. | Ushtı-ushti ne ushtı? | 46 | + | + | + | + |
| 22. | Ha'kke qayda? | 47 | + | + | + | + |
| 23 | Qasqır qaqpan | 48 | + | + | + | + |
| 24. | Qara qus | 49 | + | + | + | + |
| 25 | Shirkeyler | 50 | + | | + | + |
| 26. | Apanının' u'sh g'azı | | + | | + | + |
| | bar | | + | + | + | + |

*dawamı*

| q/s | Oyinlardin' atlari | Oyin qatari | 1 sherek | 2 sherek | 3 sherek | 4 sherek |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 27. | Oyın baslaw | 51 | + | + | + | + |
| 28. | Doslasıw | 52 | + | + | + | + |
| 29. | A'tko'nshek | 53 | + | + | + | + |
| 30. | Jan bermek | 34 | + | | | + |
| 31. | Awshılar | 9 | + | | + | + |
| 32. | Arqan tartispaq | 10 | + | + | + | + |
| 33. | Alti taban | 11 | + | | + | + |
| 34. | Aldımda ne bar? | 13 | + | | + | + |
| 35. | Ala qayis | 14 | + | | + | + |
| 36. | Basin'dú usla | 15 | + | | + | + |
| 37. | Balıqshılar | 16 | + | + | + | + |
| 38. | Bir ayaqta sekiriw | 17 | + | | + | + |
| 39. | Bilezik salıw | 18 | + | | + | + |
| 40. | Aylanba du'rre | 6 | + | | + | + |
| 41. | Alaqanin'di ash | 8 | + | + | + | + |
| 42. | Bes qasıq | 20 | + | | + | + |
| 43. | Do'n'gelek siziqqa sekiriw | 22 | + | + | + | + |
| 44. | Jip aylandırıw | 25 | + | | + | + |
| 45. | Jol soqpaq | 28 | + | | + | + |
| 46. | Jer baspa | 30 | + | + | + | + |
| 47. | Zım-zıya | 31 | + | + | + | + |
| 48. | Jayaw jarıs | 33 | + | + | + | + |
| 49. | Qorazlar urisi | 37 | + | + | + | + |
| 50. | Arpa-gu'rpe | 3 | + | + | + | + |
| 51. | Atın aytıp aspang'a top ılaqtırıw | 7 | + | + | + | + |
| 52. | J'anbermek | 34 | + | + | + | + |
| 53. | Qol shappatlaw | 36 | + | + | + | + |



**1. AN'SHILAR HA'M U'YREKLER.**

Oyınshılar eki komandag'a ten'dey bolıp bo'linedi. Bir komanda an'shılar, bir komanda u'yrekler dep ataladı. U'yrekler komandasının' oyınshıları ko'lemi 10 metrlik shen'ber do'n'gelek sızıq ishinde erkin ju'rip ha'reket isleydi. An'shılar komandasının'oyınshılarına top beriledi, u'yrekler ortada sızıq ishinde qashıp ju'rip an'shılardın' urg'an tobına tiygizbewi kerek. Top tiygizgen oyınshı an'shılar komandasına qosılıwı kerek. An'shılar ortada ju'rgen u'yreklerdin' barlıg'ın jen'ip alg'annan keyin komandalar orın almasıp, an'shılar u'yrekler, al u'yrekler an'shılar boladı. Oyın basqarıwshı oyınının' baslang'an waqtında komandalardın' almasıwı ushın belgili bir waqıttı belgileydi. Oyında qaysı komanda oyınshıları sol belgilengen waqıt ishinde ko'p oyınshını o'zine qosıp alsa sol komanda jen'ip shıg'adı. Oyın eki komanda ushın da qaytalanadı.

*Oyın sha'rti:* oyında an'shılardın' sızıq ishine kirip top penen urıwına u'yreklerdin' sızıqtan shıg'ıp ketiwine ruxsat etilmeydi.

*Oyınnın' ta'siri:* oyın balalardın' ılaqtırg'an tobın da'l tiygiziwine ha'm shaqqanlıqqa, sekirip qashıwg'a balalardın' fizikalıq jaqtan rawajlanıwına u'lken ta'sirin tiygizedi.

**2. ARQAN TARTISPAQ**

Oyınshılar diametri 10 m bolg'an shen'berdin' do'geregine jıynaladı. Eki oyın baslawshı ortag'a shıg'adı. Qollarında uzınlıg'ı 1,5 m bolg'an tayaq boladı. Tayaqqa to'mennen joqarı qaray 50, 60, 80 sm bolg'an belgiler qoyıladı. 50 sm den tayaqlarg'a uzınlıg'ı 12 m bolg'an arqan baylanadı. Bir oyınshı shen'berdin' sırtında turadı, ekinshisi shen'berdin' orayında

turıp, tayaqtı tikke uslap, shen'berdi aylanıp juwıradı. Shen'berdi aylanıp turg'an oyınshılar arqannan sekiriwge umtıladı. Arqannan sekire almag'an oyınshı oyınnan shıg'adı yamasa oyın baslawshı bolıp saylanadı. Birinshi aylanıwdan keyin arqandi ja'ne bir belgige joqarılatıp baylaydi.

U'sh aylanistan keyin oyın tamamlandı. Shen'berde qalg'an oyınshılar jen'ip shıqqan boladi.

### 3. ARPA — GU'RPE

Eki komanda jup-juptan dizilip turadı. Eki ta'reptin' aralıg'ı 20 m bolıwı kerek. Birinshi juplardın' aralıg'ınan sızıq sızıladı. Berilgen belgi boyinsha ha'r komandadan birinshi jupiar oraylıq sızıqqa kelip, bir-birine arqasın qaratıp, qolların joqarı qaray ilmek etip gezekpe-gezek alg'a qaray 4 ret en'keyedi. En'keyip bolg'annan keyin oyınshılar o'zinin' komandasına qaray bir ayag'ı menen sekirip qaytadı. Qalg'an oyınshılar da usılay dawam etedi. Oyında birinshi bolıp shıqqan komanda jen'ip shıqqan boladi.

### 4. AQ TEREK PE — KO'K TEREK

Oyındı oynaw ushın onsha u'lken emes, kishkene maydanshalar da boladı. Bul oyın ha'r qanday jastag'ı oqiwshılar ushında qızıqlı ha'm ha'r qanday qıymıl ha'reketleri ko'p sport oyinlarına ju'da' jaqın.

Oyın qag'iydası: oyinda oqiwshılar ekige bo'linedi ha'm oqiwshilardın' jas ayirmashilig'ina qarap maydansha aralıg'ı belgilenedi. Qashıqlıq 20-30 metr aralıg'ında boladı. Bir komanda maydanshanın' bir shetinde, ekinshi komanda ekinshi shetinde bir birine qarama-qarsı, qolların uslasıp (ha'r komanda o'z-o'zleri menen) qatarg'a dizilisip turadı. Birinshi komanda mına qosıqtı aytadı.

Aq terekpe, ko'k terek,
*Bizden sizge kim kerek?*

*2-komanda:*

Aydın-aydın jol kerek,
Sheber-sheber qol kerek,





Kim a'depli, ta'rtipli,
Bolsa bizge sol kerek.

Ekinshi komanda bir balanín' atın aytíp shaqírg'annan keyin, 1-komandadan shaqirılg'an bala juwírip kelip, 2-komandanın' uslasip turg'an qolların u'zip o'tiwi kerek, o'te almasa sol komandada qaladı.

Oyın usılay dawam etip, o'tse o'zinin' komandasína qaytíp kelip turadı.

Qaysı komandada ko'p adam jiynalsa, sol komanda jen'impaz esaplanadı. Oyın bir oqıwshi qalg'ansha dawam etiwi mu'mkin.

### 5. ALMA TERİW.

Oyinshilar eki komandag'a ten'dey bo'linedi, ha'r komanda aldılarınan kesesine sızıq sızıladı. Oyın basqarıwshi oyinshılardın' sanın esaplap shig'ip ha'r komanda oyínshisi ushın aralig'i 5 m jerden ko'lemi 20 sm 3 do'n'gelek siziq sızıladı. Oyin baslawshının' bergen komandasi boyınsha oyınshilardın' aldında turg'an oyınshılar qolı a bergen 3 rezina tobın 5 metrliktegi do'n'gelek sızıqlarg'a tez juwırıp barıp qoyip bolıp o'z komandasına barıp sapqa dizilip turadı. Qalg'an oyınshılar birinshi oyınshının' qoyip ketken topların jiynap alip kelip gezektegi oyınshıg'a berip bolıp o'z komandasína sapqa turadı. Oyın usinday ta'rtipte dawam etedi. Oyın 2 ma'rte ta'kirarlanadi. Oyın aqırında ko'p upay toplag'an komanda jen'iske erisken boladı.

### 6. AYLANBA DU'RRE

Oyınshılar do'n'gelenip qur bolıp turadi. Ortag'a bir oyin baslawshı tayarlanadı. Oyın basqariwshisının' qolinda du'rre (sharshidan shiyırılg'an) boladı. Oyınshilardin' barlıg'i baslarin to'menge qaratip en'keyip otıradi. Du'rreni oyin baslawshı bir oyinshinin' artina bildirmey qoyadi da oyınshilardin' sırtınan aylanip juwıradi. Kimnin' artına du'rre qoyılsa sol oyinshı qoyilg'an du'rreni alip juwırıp ju'rgen oyınshig'a



tiygizse, ol oyínshıg'a eki upay beriledi. Egerde qashqan oyınshi qurdı bir aylanip bolip jetkermese yamasa bir oyınshının' qaptalına otırıp u'lgerse, oyınshıg'a eki upay beriledi.

*Oyinnın' sha'rti:* oyınshılar du'rreni jasırg'an waqıtta artına qarawg'a ruxsat etilmeydi.

*Oyınnın' ta'siri:* oyın balalardi jaqsi juwırıwg'a, tez, shaqqan ha'reket etiwge ha'm diqqattı rawajlandırıwg'a u'yretedi.

### 7. ATIN AYTIP ASPANG"A TOP ILAQTIRIW

Bul oyında oyınshılar komandalarg'a bo'linbey barlıg'i qol uslasıp do'n'gelenip turadı. Ortag'a bir oyın basqarıwshı shig'adı. Oyın basqarıwshı qolına kishkene rezina top alıp ortada turıp qa'legen bir oyınshının' atın aytip bolip qolındag'ı toptı joqarı qaray ılaqtıradi. Atı aytilg'an oyinshi topti jerden alip ekinshi balanın' atın aytıp irkilmesten qayttan topti joqari ılaqtırıwi kerek. Oyın barliq oyınshilardin' atı aytilip bolg'ansha dawam etedi.

*Oyınnın' sha'rti:* oyinshılar bir jerde toqtap qalmastan, on'g'a shepke ju'gırıp, sekirip ha'reket etip turıwi kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* balalar tez shaqqanlıqqa, epshillikke u'yrenedi.

### 8. ALAQANIN'DI ASh

Oyınshilar ten'dey eki komandag'a bo'linip, olar aralig'ı 20 m jerde qarsi qarap turadı. Oyında oyınshılar oyın basqarıwshının' ko'rsetpesi boyínsha bir komandadan 3 oyınshı kelip, ko'zin jumıp qolin tuwrı sozıp alaqanın ashıp turg'an komandanin' qa'legen u'sh oyınshısína qolin tiygizip o'z komandasına jetkermey juwırıp kelse, ol komanda oyınshısına 3 upay beriledi. Al egerde quwiwshi komanda oyınshısı jetip qolın tiygizse qarsi komanda oyınshısına 3 upay beriledi.

*Oyinnın' sha'rti:* uslang'an oyınshı uslang'an jerinde toqtap turıp qalıwı kerek. Oyın basqariwshi o'z komandasına qosılıwg'a ruxsat etpewi kerek. Quwıp uslawshı komanda tek

g'ana qol tiygiziwi sha'rt. Oyın aqırında qaysi komanda ko'p upay toplasa sol komanda jen'iske erisken boladı.

*Oyınnın' ta'siri:* balalar qattı juwırıwg'a, qaymıg'ıp qashıp uslatpaw ko'nlikpelerine u'yrenedi.

### 9. AWSHILAR

Oyında oyınshilar eki komandag'a bo'lınip, oyındı o'tkeriw ushın oyın basqarıwshı uzını eni 15 metrlik ortadan to'rt mu'yeshli sızıq sızadı. Usi sizilg'an siziqtan 5 m qashıqlıqta qaptalda bir komanda bir-biri menen qol uslasıp turadı. Ekinshi komanda sızıqtın' ishinen sirtqa shig'ip ketpey erkin qol uslasıp ju'riwleri kerek. Oyın baslaw ushın berilgen komanda boyınsha sirtta turg'an oyinshilardan eki oyinshi siziq ishine kirip ko'zin jumip ju'rip ekinshi komanda oyınshıların uslawi kerek. Uslawshı oyınshılarg'a uslaw ushın 5 minut waqit beriledi. Oyın basqarıwshi 5 minut ishinde qansha oyınshi uslag'an bolsa ha'r oyınshı bir upayg'a iye boladı. Oyın bir neshe ret qaytalanadı. Oyın aqırında qaysi komanda ko'p upay toplasa sol jen'iske erisken boladı.

*Oyınnın' sha'rti:* Uslawshı oyınshılar uslaytug'in oyinshilarg'a tek g'ana qolin tiygiziwi kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyında balalar shaqqanlıqqa, tez ha'reket etiwge u'yrenedi.

### 10. ARQAN TARTISPAQ

Bul oyında oyınshılar ekige bo'linip tartısadı. Komanda beriliwi menen ortada shegara sızılg'an bolip qaysı komanda o'zinin' shegarasına arqandı tartip kirgizse, sol komanda jen'impaz boladı.

### 11. ALTITABAN

Bul oyında oyınshılar ten'dey bolip ekige bo'linedi. Komanda oyınshılarının' turg'an jerine kesesine u'lken siziq sızıladı. Ortada bir oyın basqarıwshi boladi. Oyin basqarıwshının' komandasi boyinsha komandada birinshi bolip



turg'an oyinshılar sızılg'an siziqtan baslap esaplag'anda ayag'ı menen altı taban jerdi esaplap ayag'ının' izi menen sızıp tez ornına kelip komanda oyınshılarının' artına barip sapqa diziledi. Keyin usinday ta'rtipte barliq oyınshılar altitaban jerdi basıp bolg'ansha dawam etedi. Oyındi qaysı komanda tez juwmaqlasa sol komanda jen'impaz boladi. Oyin 3 ret qaytalanadı.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar altitaban jerdi esaplap bolg'annan keyin konamdag'a ruxsat beriledi.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyında balalar shaqqanlıqqa, tez sapqa turıwg'a u'yrenedi.

### 12. AL DA QASH

Oyınshılar eki ko'mandag'a bo'linip birinin' artınan biri sapqa dizilip turadi. Komandalar aldina start sizig'i sızıladı. Sızıqtın' 20 m aralıg'ına eki top qoyiladı. Oyındi baslawg'a belgi berilgen son' nomerdegi turg'an oyınshi siziqqa deyin juwırıp kelip, topti o'z komandasının' oyinshısına aparip beriwi kerek. Ekinshi oyınshı juwirip barıp topti qoyıp o'z komandasının' artına turıwi kerek. Oyındi qaysı komanda oyınshıları qa'tesiz tez tamamlasa sol komanda jen'impaz boladi. Oyin 3 ret qaytalanadi.

### 13. ALDIMDA NE BAR?

Oyında balalar bir qatarg'a dizilip turadı. Oyın baslawshı 8 m jerden siziq sizadı. Komandadan bir oyınshı eki metr jerge start sızıg'ina barıp turadı. Oyın basqariwshi alda turg'an oyınshının' ko'zin sharshı menen baylaydı. Ko'z baylang'an oyınshı oyin basqarıwshıdan aldında ne barin soraydi. Oyın basqariwshi aldın'da taw bar deydi. Ko'zi baylang'an oyınshı neshe atlasam jetemen dep soraydı. Ko'zi baylang'an oyinshi oyin basqarıwshının' aytqanı boyınsha eki ayaqlap sekirip ju'redi. Oyın usınday ta'rtipte dawam etedi.

## 14. ALA QAYIS

Ortadan do'n'gelek sızıq sızılıp oyınshılar sızıqtı aylanıp turadı. Oyınshılardın' sırtınan 2 m aralıqta ekinshi do'n'gelek sızıq sızıladı. Oyın basqarıwshı bir oyınshını ortag'a shıg'arıp "ala qayıs" dep shaqıradı. Bunnan keyin ortag'a shıqqan oyınshı sızıqtın' ishine umtılıp oyınshılardı uslawg'a ha'reket etedi; ha'r bir oyıng'a shıqqan oyınshıg'a eki minut waqıt beriledi. Qalg'an oyınshılar eki sekundtın' ortasında erkin ju'rip oyınshıg'a uslatpawı kerek.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshıg'a ortadag'ı sızıq ishine kirip us-lawg'a ruxsat etilmeydi. Uslang'an oyınshı ortadag'ı oyınshının' waqtı pitkenshe shetke shıg'ıp turıwı kerek. Sızıq ortasındag'ı oyınshılar bir jerde toqtap qalmastan ju'rıwi kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyında balalar shaqqanlıqqa, qaymıg'ıp qalıwg'a u'yrenedi.

## 15. BASIN'DI USLA

Oyınshılar eki komandag'a bo'linip bir qatarg'a diziledi. Ha'r komandanın' aldınan 10 m uzınlıqta sızıq sızıladı. Birinshi bolıp komandada turg'an oyınshılar qolına salmag'ı 1 kg bolg'an qum toltırılg'an qaltasha beriledi. Belgi boyınsha sızılg'an sızıq penen ju'redi. Qaytarsın qaltashanı alıp juwıradı. Qaltashanı tu'sirmey kelgen oyınshıg'a bir upay beriledi. Oyındı tez tamamlag'an komanda jen'iske erisedi.

## 16. BALIQSHILAR

Oyınshılar eki komandag'a bo'linedi. Bir komanda oyınshıları balıqshılar, al ekinshi komanda oyınshıları balıq bolıp belgilenedi. Olar ko'lemi 10 m bolg'an shen'berdin' sırtında turadı. Berilgen belgi boyınsha balıqshılar ko'zlerin jumıp shen'berdin' ishine kirip balıqlardı uslawı kerek. Oyın shen'berdin' ishinde balıqlar azayg'ang'a shekem dawam etedi. Keyin komandalar orın almasadı.



## 17. BİR AYAQTA SEKİRİW

Oyınshılar eki komandag'a bo'linip olardın' aldınan eki komanda ushın jerden start sızıg'ı sızıladı. Ha'r komandanın' turg'an jerinen aralıg'ı 10 m bolg'an eki belgi belgilenedi. Oyın baslawg'a berilgen komanda boyınsha komandada birinshi bolıp turg'an oyınshılar belgilengen belgige barg'ansha on' ayaqta, belgini aylang'annan keyin shep ayaq penen tez sekirip gezek ku'tip turg'an oyınshının' qolına qolın tiygizip ha'm o'z oyınshılarının' artında qatarg'a diziliwi kerek. Basqa oyınshılarda oyındı usılay dawam etedi. Oyınshılar belgige barg'ansha on' ayaqta, al qaytarda shep ayaqta keliwi kerek. Bolmasa oyınshının' bir upayı kemeyedi. Qaysı komanda oyınshıları, oyındı durıs ha'm tez tamamlasa, sol komanda jen'impaz boladı.

*Oyınnın' ta'siri:* oyın balalardın' bulshıq etlerin rawajlandıradı, tez sekiriwge, shaqqanlıqqa u'yretedi.

## 18. BİLEZİK SALIW.

Oyınshılar eki komandag'a bo'linip, ha'r komanda aralıg'ı 20 m bolıwı kerek. Ortag'a oyın basqarıwshı saylanadı. Bir komandanın' oyınshısı ekinshi komandanın' oyınshısının' qolına bilezik saladı. Bilezik salg'an oyınshı ol oyınshıg'a jetkermewi kerek. Jetkermey kelgen oyınshıg'a eki upay beriledi.

*Oyınnın' ta'siri:* Balalar tez juwiriwg'a, tez ha'reket etiwge u'yrenedi.

## 19. BİR-BİRİN TARTIP SIZIQTAN O'TKERİW

Oyınshılar eki komandag'a bo'linedi, ortada bir sızıq sızılıp eki komanda sızıqtın' eki ta'repine qarama-qarsı ayaqların tirep qol uslasıp turadı. Oyınshılar boylarının' uzınlıg'ı boyınsha turadı. Eki oyın basqarıwshının' komandasınan son' oyınshılar o'zlerinin' tuwrısındag'ı oyınshını sızıqtan o'z ta'repine tartıp shıg'arıwı kerek. Sızıqtan tartıp shıg'arılg'an oyınshı bir qolın ko'terip oyın basqarıwshıg'a belgi beredi. Ha'r bir tartıp





shıg'arılg'an oyınshı ushın bir upay beriledi. Ko'p upay toplag'an komanda jen'iske erisken boladı.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyında bir ret sızıqtan tartıp shıg'arılg'an oyınshı o'z komandasına qosılıwına boladı. Oyında eki ayag'ıda sızıqtan o'tken oyinshi utılg'an boladı. Oyinshinin' kiyiminen ha'm basqa jerinen tartıwg'a ruxsat etilmeydi.

*Oyinnın' ta'siri:* Balalardın' ten' salmaqlılıqtı saqlawin, shaqqanlıqtı, bulshıq etlerinin' o'siwin ta'miyin etedi.

## 20. BES QASIQ

Bul oyıng'a 10-15 adam qatnasıp, o'z tilegi boyinsha ortag'a altı adam shig'adı. Bir adam basqarıp turadı. Basqarıwshı qandayda bir zattı taqildatıp turadı ha'm birden onı toqtatıp qalıwi kerek. Jerge taslang'an altı qasıqtı alti adam alıp u'lgeriwi kerek. Olar qasıqtı ala almasa oyınshılar og'an qızıqlı sha'rt berip oni orinlatıwı kerek.

## 21. DAWISQA QULAQ SAL

Oyınshılar eki komandag'a bo'linip, olardın' aralıg'ina 30 m jerden kesesine sızıq sızıladı. Ortada oyın basqarıwshı boladı. Oyındı baslaw ushın berilgen komanda boyınsha birinshi bolıp turg'an oyınshı qolındag'ı toptı, belgilengen waqıt ishinde o'z oyınshılarının' birewine ılaqtırıp ja'ne topti qaytarıp qaqshıp alıwı kerek. Basqarıwshı waqıttı aytıp eskertedi. Sonda oyın shılar top ılaqtırıw ha'reketin toqtatadı. Oyın son'ında qaysı komanda belgilengen waqıt ishinde toptı jerge tu'sirmey aylan dırg'an bolsa sol komanda jen'gen boladı.

*Eskertiw:* Waqıttın' bolg'anlıg'ın aytqannan son' toptı ılaqtırıw esapqa alınbaydı. Oyinshılar topti jerge tu'sirmey tez ha'reket islese ol komandag'a 2 upay, toptı jerge tu'sirse 1 upay beriledi. Oyın ha'r komanda ushın 3 ret boladı.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyın balalardı shaqqanlıqqa, epshillikke, basketbol oyının jaqsi oynawg'a u'yretedi.

## 22. DO'N'GELEK SIZIQQA SEKIRIW

Oyınshılar bul oyında eki komandag'a bo'linedi. Oyında oyın basqarıwshısı saylanıp oyınshılardın' turg'an jerinen

baslap esaplag'anda arasi 1m qashıqlıqtan 4 jerden sızıq sızıladı.

Oyınshılar bir qatar bolıp diziledi. Oyın basqarıwshısı oyındı baslawg'a belgi bergende komanda boyinsha oyınshılar (yaki aldında turg'an) o'zinin' qa'legen ayag'inda do'n'gelek siziqlardan 4 ret sekirip belgige barıp, ja'ne to'rt ret sekirip o'z komandasına tez jetiwi kerek. Gezektegi turg'an oyinshılar oyındı usılay dawam ettiredi.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar sekirgen waqıtta do'n'gelektin' ishine tu'siwi sha'rt.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyın balalardın' ayaq bulshıq etlerin jaqsı rawajlandıradı, oyınshılardın' jaqsı sekire aliwina u'lken ta'sirin tiygizedi. Oyın u'sh ret qaytalanadı.

### 23. DAWISTI TIN'LA

Oyınshılar ten'dey bolıp 2 komandag'a bo'linedi. Komandalardın' aldılarınan 20 m jerden sızıq sızıladı. Oyin basqariwshisının' bergen belgisi boyınsha ha'r komandadan 1 oyınshı tez juwırıp barıp, artına burılıp ekinshi komandanın' atın aytıp shaqıradı. Atı atalg'an oyınshı tez juwırıp barıp birinshi oyınshınıın' aldına barıp turıp u'shinshi oyınshının' atın aytıp shaqıradı. Oyın usılay dawam etedi.

*Oyınnın' sha'rti:* Sızıqqa juwırıp barg'an bala atın aytıp baqırmastan burın juwırıp ketiwi qadag'an etiledi. Oyında oyin ta'rtibin buzbag'an ha'm tez islegen komanda jen'iske erisken bolıp esaplanadı.

### 24. JER ALMAQ

*Oyınnın' qag'iydası:* Bunda 2 oyinshı oynaydı. Tegis jerge shen'ber sızıp sekiriwi kerek. Shen'ber da'l ortasınan ekige bo'linedi. Bunda birinshi oyınshı ekinshi oyınshının' jerine pıshaq qadaydı, qadalsa pıshaqtın' ju'zi qarag'an jerine qarap sızıp ekinshi oyınshının' jerinen o'zinin' jerine qosadı. Eger qadalmay qalsa ekinshi oyınshı oyındı dawam etedi. Qaysı oyınshının' ayag'ı o'zinin' jerine sıymay qalsa, sol oyınshı utıladı.



### 25. JİP AYLANDIRIW

Oyınshılar komandalarg'a bo'linbey ko'lemi 10 m do'n'gelek sızıq ishinde erkin ju'redi. Ortada bir oyinshı sızıqtın' shetine shıg'ıp uzınlıg'ı 8 m shıjım jiptin' ushına kishkene 20 at baylap do'n'gelek siziqtin' ortasına qoyıp o'zi do'n'gelek sızıqtın' sırtına o'z erkine on'g'a yamasa shepke aylanıp ju'redi. Jipti aylandırıw ushın ha'r oyinshıg'a 5 minut waqit beriledi.

*Oyın ta'siri:* Oyın balalardı jaqsı sekiriwge, iyiliwshilikke, sezgirlikke ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye boladı.

### 26. JASIRINBAQ

Bul oyında balalar 2 komandag'a bo'linip oynaydı. Bul oyın ko'binese keshte oynaladi, 2 komandadan kapitan saylanadı. Eki kapitan sho'p jasiradi, sho'pti qaysi komandanin' kapitani tapsa sol komanda oyinshilari jasirinadi. Ekinshi komandanin' balaları tez waqıt ishinde o'zlerin taptirip qoysa, sol komandanın' balalari utılıp qaladi. Al ko'p waqıtqa shekem izletip ju'rse sol komanda oyınshıları utıp shıg'adı.

### 27. JAWIN HA'M BALALAR

Oyında oyınshılar aralıg'ı 20 m jerden do'n'gelek sızıq sızıp, barlıq oyınshılar onın' ishinde turadı. Ortag'a bir oyınshı basqarıwshı bolıp saylanadı. Oyın basqarıwshının' belgilewi boyınsha ortag'a bir oyınshı basshı bolıp saylanadı.

Basshı oyinshılardan basshıdan qorqasizlarma — dep soraydı. Onnan qorıqpaymiz — dep juwap beredi ha'm ol turg'an jerinen do'n'gelek sızıqqa qaray juwıradı. Bul do'n'gelek olardın' u'yi boladı. Basshı juwirip baratırg'anlardı qolın tiygizip uslaydı. Onın' qolı tiygen oyınshılar bir shetke shıg'ıp turıwları kerek. Basshı bolg'an oyınshı bayag'ı so'zdi qaytalaydı.Oyinshılar qorıqpaymız dep u'ylerine qaray juwırısadı. Ha'r bir basshı bolg'an oyınshı "balalar qorqasızlarma?" dep eki ret aytqannan keyin oyın basqarıwshının' qa'lewi boyınsha basshi bolatug'ın oyınshı saylanıwı kerek. Jan'adan

basshı bolatug'ın oyınshı saylang'anda uslag'an oyınshılar barlig'ı oyıng'a qaytadan qosıladı.

*Oyınnın ta'siri:* Oyın balalardı tez ha'm shaqqan ha'reket etip juwiriwına u'yretedi.

### 28. JOL SOQPAQ

Jerge ha'r qıylı formadag'i sızıqlar sızıladı. Balalar bir-birinin' izinen ha'r qıyli burılıwlar jasap biraq ten' salmaqlılıqtı jog'altpay, sızıqtın' u'stinen basıp juwıradı.

*Ko'rsetpe:* Oyındı bir neshe balalar menen o'tkiziwge boladı. Formasi birdey bolg'an sızıq sızılıp ha'r sızıqtın' son'ınan bayraq qoyıladı. Kim birinshi bolıp jetip kelse sol bayraqtı joqarı ko'terip turadı.

### 29. BOS ORIN

Oyınshılar do'n'gelenip turıp baslawshı saylaydı. Ol do'n'gelekti aylanıp ju'rip bir balanın' arqasınan tu'rtedi. Tu'rtilgen bala ol balanın' juwirg'an bag'ıtına qarama-qarsı bag'ıt penen juwirıp kelse sol orındı iyeleydi. Al keshikken bala oyındi dawam ettiredi.

*Qag'iydası:* 1. Balalar tek g'ana do'n'gelektin' sırtınan aylanıp juwıradı. 2. Do'n'gelek jasap turg'anlar juwiriwshını uslap qaliwına bolmaydi. 3. Eger eki bala bir waqıtta bos oring'a juwırıp kelse, onda olar ekewide qatarg'a turıp basqa oyın baslawshısı saylanadi.

*Ko'rsetpe:* Bul oyındi qa'legen ma'wsimde, irkinishsiz juwira alatug'in jerde oynaydı. Oyın qatnasiwshıları shen'berge dizilip qolların uslatpay turadı. Shen'berdin' arası bir adim qashıqlıqta boladi. Eger balalar sanı ko'p bolsa onda eki shen'ber jasag'an durıs boladi.

### 30. JER BASPA

Oyınshılar bul oyında komandalarg'a bo'linbeydi. Oyınshilar zalda yamasa maydanda o'z erkinshe juwırip ju'redi. Oyın basqarıwshi "jer baspan'"-dep baqırg'an waqitta juwırıp



ha'rekette ju'rgenler ayag'ın jerge tiygizbew kerek. Oyınshılar bul aytılg'an so'zden keyin ayag'ın jerge tiygizbewi yamasa terekke o'rmelep ketiwi kerek.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar jer baspan' so'zin aytqannan keyin g'ana otırıp qalıwına yamasa o'rmelep ketiwine ruxsat etiledi. Oyın basqarıwshi ruxsat bermegenshe oyınshılar jer basıwına bolmaydı. Oyında jer baspan' so'zi oyınshılar ushın bir neshe ret qaytalanadı.

*Oyınnın' ta'siri:* oyın balalardi dıqqatlılıqqa juwırıp ha'reket etiwge, jaqsı ha'm jen'il sekire alıwg'a u'yretedi.

### 31. ZIM — ZIYA

Bul oyında oyınshılar komandag'a bo'linedi. Ortadan bir komanda oyınshıları erkin juwırıp ha'reket jasap ju'rgendey u'lken do'n'gelek sızıq sızıladı. Ekinshi komanda sızıqtın' sırtında aylanıp ju'redi yamasa sekirip ha'reket jasaydı. Ortag'a bir oyın basqarıwshı saylanadı. Oyın basqarıwshının' "zim — ziya" degen so'zi boyınsha sızıq ishindegi ju'rgen komanda oyınshılari barlıg'ı bir waqıtta otırıp bolıwları sha'rt. Son' keshigip otırg'an oyınshılar oyın basqarıwshı ta'repinen esapqa alınadı. Zım — zıya so'zi ha'r komanda ushın 5 ret qaytalanadı. Ekinshi komanda ushın oyın usılay dawam etedi.

### 32. JASIRILG'AN ZAT

Oyında balalar barlıg'ı qol uslasıp aylanıp do'n'gelenip turadı. Oyın basqarıwshi oyınshılardan bir oyınshını shetke shıg'arıp oyınshılardan 5 m jerge teris qaratıp turg'izadı. Turg'an oyınshılar shetke shıg'ıp turg'an oyınshıdan bir zattı jasırıwi kerek. Oyınshılar zattı jasırıp bolıp qol uslasıp aylanıp juwırıp ju'redi. Oyın basqarıwshı teris qarap turg'an oyınshıg'a jasırılg'an zattı tabıwg'a ruxsat etkennen keyin juwırıp ju'rip zattı tabıwı sha'rt. Eger zat tabıwshı oyınshı jasırılg'an zattın' kimde ekenligin tawıp alsa, onda zattı jasırg'an oyınshı zat izlewshi boladı.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar jasırılg'an zattı tapqansha ha'rekette bolıwı kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyında oyınshılar sezgirlikke, tapqırlıqqa, shaqqan ha'reket etiwge u'yrenedi.

### 33. JAYAW JARIS

Oyınshılar ten'dey eki komandag'a bo'linedi. Oyın basqarıwshı 10 m aralıqqa eki tayaq qoyadı. Komandalardan birinshi bolıp turg'an oyınshı basqarıwshının' belgisi boyınsha tez barıp qoyılg'an tayaqlardı jerden aladı, tez adımlap ju'rip tayaqtı kelesi oyınshıg'a beredi. Qalg'an oyınshılar oyındı usılay dawam ettiredi. Oyında qaysı komanda ag'zaları juwırıp ketpey tez adımlap oyındı tamamlasa sol komanda jen'iske erisedi.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar ju'risken waqıtta bir-birin iyterispewi kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Balalar bul oyında tez ha'reket etiwge u'yrenedi. Oyın balalardın' denesinin' jaqsı rawajlanıwına u'lken ta'sirin tiygizedi.

### 34. JANBERMEK

Bul oyın komandalar oyını. Oyında balalar ten'dey eki komandag'a bo'linedi ha'm komanda kapitanları saylanadı.

*Oyınnın' ta'rtibi:* Oyında eki komandanın' birewi jasırınıwshılar, ekinshisi ku'tip turıwshılar, tawıp alıwshılar. Jasırıng'an komandanın' baslıg'ı kimnin' qay jerge jasırınatug'ının aytadı. Bul oyın ko'binese qaran'g'ı tu'skennen keyin oynaladı. Jasırıng'anlardın' birewi tabılmay qalg'anda, olar ses berip orın o'zgertiwi kerek. Kimdi uslasa, uslag'an adam ornında turıwı kerek. Ol adamg'a bir oyınshı qarawıl boladı, sol gezde og'an berse oyındı dawam ettiriwge boladı.

### 35. JİP BAYLAW

Oyınshılar ten'dey eki komandag'a bo'linedi. Ha'r komandanın' birinshi oyınshısına uzınlıg'ı eki metrlik shıjım jip



beriledi. Qolında jibi bar eki oyınshı start sızıg'ına juwırıwg'a tayarlanıp turadı. Start sızıg'ınan baslap esaplag'anda aralıg'ı 20 m jerden ha'r komanda ushın bir do'n'gelek sızıq sızılıp ishine uzınlıg'ı bir metr tayaq qoyıladı. Oyın basqarıwshının' bergen belgisi boyınsha start sızıg'ında, turg'an eki oyınshı qattı juwırıp do'n'gelek sızıq ishindegi tayaqshalarg'a jiptin' ushı qalmag'ansha orap o'z komandasına kelip sapqa dizıledi.

Ekinshi oyınshı jug'ırıp barıp jipti tayaqtan sheship u'shinshi oyınshıg'a beriwi kerek, oyın usı ta'rtipte dawam etedi.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyın basqarıwshı oyınshılardı jipti tayaqqa baylag'annan keyin, tekserip turıwı kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Bul oyında balalar sheberlikke, uqıplılıqqa, shaqqanlıqqa u'yrenedi.

### 36. QOL SHAPPATLAW

Bul oyınshılar eki komandag'a bo'linedi, komanda ag'zaları aldınan kesesine start sızıg'ı sızıladı, ha'r komanda tusınan 20 m qashıqlıqtan eki komanda ushın eki belgi qoyıladı.Komandalarda birinshi bolıp turg'an eki oyınshı basqarıwshının' belgisinen keyin eki qolın joqarı ko'terip jug'ırıp barıp qoyılg'an belgige qolın 10 ma'rtebe shappatlap bolıp qolın joqarı ko'teredi ha'm o'z komandasına keliwi kerek. Qalg'an oyınshılarda oyındı usılay qawam etedi: Oyın 3 ret qaytalanadı. Qaysı komanda oyınshıları tez ha'm o'z qag'ıydaları menen tamamlasa sol komanda oyınshılarına eki upay beriledi. Oyın aqırında qaysı komanda ko'p upayg'a iye bolsa sol komanda jen'iske erisken boladı.

*Oyınnın' sha'rti:* Oyınshılar jug'ırg'an waqta qolların to'men tu'sirmewi kerek.

*Oyınnın' ta'siri:* Oyın balalardın' tez ha'm shaqqan ha'reket islewine ja'rdemin tiygizedi.

### 37. QORAZLAR URISI

Bul oyında eki oyınshı oynaydı, tegis jerge shen'ber sızıp ishine eki oyınshı kiredi. Solay etip shep ayag'ın artına qayırıp

on' ayag'ında ha'kkelep ju'rip iyni menen du'gisedi yamasa iyterisedi. Qaysı oyınshı qarsılasın iyterip shen'berden shıg'arıp taslasa, sol oyınshı jen'iske erisken boladı.

### 38. KO'Z BAYLAW

Oyınshılar qansha bolıwına qaramastan aynala beredi. Oyın baslanarda balalar bir qatarg'a dizilip ortag'a bir bala shıg'adı. "Bir g'arrı arbası menen kiyatır edi, arbası sınıp qaldı. Arbanı du'zetiwge neshe shege kerek" dep soraydı. Usıdan keyin oyınshı sorawg'a juwap beredi. En' keyinde qatarda bir bala qaladı. Ortada turg'an bala bul sorawdı beredi shep jaqtan biresе on' jaqtan aytıwı kerek. En' keyinde qalg'an balanın' ko'zin baylaydı. Ko'zi baylang'an bala basqa balalardı uslawı kerek. Uslang'an balanin' ko'zi baylanadı. Oyın belgili sızıqtın' ishinde bolıwı kerek.

### 39. QIYIW

Bul oyında jipti sozıp, sol tartılg'an jipke ha'r tu'rli zatlar baylanıp qoyıladı: qa'lem, o'shirgish, kitap. Oyın qızıqlı bolıw ushın oyınshıqlar, bos qag'azlar qoyıladı.

*Oyınnın' sha'rti:* Bir adamnın' ko'zin baylap oyın baslawshı qolına qayshı alıp zatlardın' qa'legenin qıyıp alıwı kerek. Ol adam o'zi qıyg'an zatın aladı. Eger birinshi ret qıyıp ala almasa ekinshi ret alıwg'a bolmaydı.

### 40. QAQPAN

Oyınshılar eki ta'repke bo'linedi. Do'n'gelek sızıqtın' ishindegi balalar tıshqanlar boladıda, sırttag'ı balalar qaqpan xızmetin atqaradı. To'mendegi qosıqtı barlıg'ı qosılıp aytıwı ha'm olar sızıqtin' qaptalına keliwi kerek.

Ha'mme na'rseni kemirip
Jang'a tiydi tıshqanlar
Abaylı bolın' tıshqanlar
Sizlerge quwıp jetemiz
Uslap alıp ketemiz.





Qosiqtan keyin balalar da'rwaza bolip saplanip bir-birinin' qollarinan uslap ishine kiriwge jaqinlasadi. Tishqanlar qaqpan bolg'an jerge barip tez qaytadi. Al belgilengen sızıq ishinen shig'a almay qalg'an tishqanlar uslang'an boladi. Olar do'n'gelek siziqtin' sirtındag'i ju'rgen qaqpanlarg'a qosilip ha'reket isleydi. Tishqanlardin' ba'ri tutilg'annan keyin orin almastiriladi. Qaysi komanda ag'zalari tez ha'm shaqqan ha'reket islegen bolsa, sol komanda jen'iske erisken boladi.

### 41. JASIRINBAQ

Oying'a qatnasqan balalardin' ba'ri shen'ber du'zip, oyin baslawshini aylanıp qosiq aytadi:

Qanday jıllı ku'nshuwaq,
Palapanlar ju'r shuwlap,
Qizig'ina qarayman
Bir, eki, u'sh dep sanayman
Sho'jelerim sho'p, sho'p, sho'p
Jem shashaman ko'p, ko'p, ko'p
On ekensen' barlig'in'
Otiz dana bar da'nim
Ha'r qaysisina nesheden
Terip jen'ler u'shewden.

Oyin baslawshi alaqanin' to'menge qaratıp bir qolin joqari ko'teredi, al ha'mme bala bir barmag'ın oyin basqariwshinin' alaqaninin' astina tiydirip uslap turadi. Oyin baslawshinin' "bir, eki, u'sh belgisinen keyin balalar barmag'in tez tartip aladi. Oyin basqarıwshı bala ko'zin jumip, basqalari jasırınadi. Ko'zin jumg'an bala 40 yamasa 50 ge shekem sanaydi ha'm jasiring'an balalardi izleydi. Bir balanı tawip o'zinin' turg'an jerine keledi. Birinshi tabilg'an bala oyin basqariwshı boladı.

### 42. BES BARMAQ

Balalarim turin'lar
So'zge moyin burın'lar

*Bas barmaq*
Jatıp aldım birazdan
Buzawlardı baq aynam
Keshte u'yge kelgende
Quyıp beremen aq ayran

*Balan u'yrek*
Sho'p jiynalıp pitpegen
Sen sog'an bar jurt penen
Keshte u'yge kelgende
Shay beremen qurt penen

*Ortan terek*
Sen ortanshı teregiм
Qırda bu'gin ko'p egin
Sen qırmannan kelgende
Shokalad u'yip to'gemen.
U'y quslarin tabayıq
Su'wretlerin salayıq *(su'wret ko'rsetedi)*
Su'wretin saldıq biz
Ha'mmesin tawip aldıq biz
Al, balalar, balalar
Qag'az benen qa'lem al

Eki eshkinin' mu'yizi
Qa'nekey neshew boladı?
Qa'nekey kimler tabadı?
*(Balalar eshkinin' su'wretin ko'rsetedi)*

Tu'spese eshki mu'yizi
Mine sonsha boladı
*(2+2=4 degen jazıwdı ko'rsetedi)*
Al, balalar, balalar
Qag'az benen qa'lem al
Altı ha'ripten turatug'ın
Bizde qanday qala bar *(Su'wret ko'rsetedi)*

Al balalar, barıp al
Mine, minaday qala bar
No'kis degen jaziwi
*(Bir qag'azdi ko'rsetedi)*

### 43. POEZD

Qatar-qatar turayiq
Qa'ne-ja'ne sorayiq

Kimnin' bolsa boyı uzın
Paravozı poezdin'
Kimnin' apay boyı uzın
Paravozi poezdın'.

Oqıwshi balanı ko'rsetedi. *Mısalı:* Mamannın' boyi uzın-dep aytıwi mu'mkin. Balalar ta'rbiyashının' ko'rsetken balasın paravoz etip aldıg'a qoyadı. Al qalg'anları onin' eteklerinen uslap ju'redi:

Al paravoz basla alg'a
Ha'mmemizdi basqarda
Psh, psh, psh, biz kettik
Ju'riwdi biz tezlettik.
Gu'w, gu'w, gu'w gu'wilde
Qalip qoymasın heshkimde
Psh, psh, psh biz kettik.

## 44. HAYWANATLAR QALAYINShA DAWISLAYDI

Oying'a qatnasiwshılar o'zlerinin' biliwinshe haywanatlardın' qaysısi dawislaytug'ının bildiredi. Kim ko'p bilse, ol "shıpaker" bolıp esaplanadı, al qalg'anlarına "em" belgilenedi. Em degenimiz aytıstın' tu'rleri. *Ma'selen:* Aygu'l — qosiq, Bekpolat — jan'iltpash aytsin, Tawbay—jumbaq sheshsin, haywanlardın' dawislawin en' ko'p biletug'in bala, mısalı bilay tu'sindiredi:

At — kisneydi, qoy, eshki — man'ıraydı,
Tu'ye bozlaydı, shoshqa — shın'g'ıradı.
iyt — u'redi, pıshıq — miyawlaydı,
Tishqan shıyqıldaydı, g'az — g'an'qıldaydi
U'yrek — g'ırqıldaydı, qoraz — shaqıradı
Bur'kit — qıshqıradi, bu'lbil — sayraydı
G'arg'a — g'arqıldaydı, shıbin — izıldaydı
Sawisqan — shıqılıqlaydi.
Jilan — ısıldaydı, shegirtke — shırıldaydı
Qurbaqa — baqıldaydi.

## 45. UShTI-UShTI NE UShTI?

Oyin basqarıwshı oyındi to'mendegishe baslaydı:

Ushtı-ushti ha'kke ushtı (Qol ko'teriledı)



Ushtı-ushtı ma'kke ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushti-ushtı g'arg'a ushti (qol ko'teriledi)
Ushti -ushtı apba ushti (qol ko'terilmeydi)
Ushti-ushti eshek ushti (qol ko'terilmeydi)
Ushtı-ushti qabaq ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushti-ushti u'yrek ushtı (qol ko'teriledi)
Ushti-ushti tabaq ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushtı-ushtı bu'yrek ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushti-ushti bu'rkit ushtı (qol ko'teriledi)
Ushti-ushtı qawin ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushti-ushti dawil ushti (qol ko'teriledi)
Ushti-ushti qoyan ushtı (qol ko'terilmeydi)
Ushtı-ushtı boyan ushtı (qol ko'terilmeydi)

Oyın usılayınsha alıp barıladı, oyında aljaspay tez ha'reket islegen adam jen'iske erisedi.

## 46. HA'KKE QAYDA?

Oqiwshılar eki komandag'a bo'linedi. Ha'r komanda shen'ber du'zip aralıg'i 5 m qashıqlıqta turadı. Birinshi komanda:
Ha'kke qayda?-deydi.
*Ekinshi:* Uyasında deydi

1. Ne qılıp atır?
2. Keste tigip atır.
1. Kestesi qanday?
2. Alaqanday.
1. Kimler ushın?
2. Bizler ushın.
1. Qay jerge kiriwge boladı?
2. Usı jerge kiriwge boladi.

Usınday so'zler menen birinshi komanda bir-birden dizilip ekinshi komandanın' shen'berine kiredi.

## 47. QASQIR QAQPAN

Qasqır tu'sse qorag'a
Uslamawg'a bolama?
Qol uslasıp turayıq
Qasqır qaqpan qurayıq,
Qa'ne, qa'ne qurayıq,

Bizin' qaqpan polattay,
Qasqirdı turıpti jolatpay,
Qasqir, Qasqir kelip ko'r,
Qaqpan, qaqpan bekkem bol,

### QARA QUS.

Al uslan'lar etekten,
Ayırılman'lar jetekten,
Biz sho'jeler bolamız,
Aldımızda anamız

Kiyatırıpti qara qus
Qorg'aydi onnan anamız
Anamız qayda burilsa
Bizlerde solay baramiz.

Kim ayrılsa etekten
Shig'ip qalsa jetekten,
Sonı uslaydı qara quz
Solay boladı quzda jem.

Al, uslan'lar etekten
Ayrılman'lar jetekten
Urınar bir ba'lege,
Ananın' so'zin eki etken.

### 48. SHİRKEYLER

Bul oyin en' kishkentaylarg'a arnalg'an, oni muzika aspaplari menen shertedi.

*Baslawshinin' aytqani:*

Biz shirkeymiz,
Ko'ppiz bulttay,
Jer u'stin qaplaymız
Bolsaqta qurttay
Qaharman shirkeymiz
Ko'k nayza silteymiz,
Shirkeymiz,shirkeymiz.

Balalar usi qosıqtı qosılıp aytadi,zalda oynap ju'redi. "Shirkeyler qondi" degen belgi menen balalar polg'a dizerlepotiradi



da qollarin sermep qiymıldatadı. Nama birden tawsiladı ja'ne qayta baslanadı. Sol waqıtta balalar orınlarınan turıp a'sten arman-berman ju'redi. Oyin usilay nama seslerinin' awmasıwı menen dawam etip, bir neshe ret ta'kirarlanadı

### 49. APAMNIN' U'SH G'AZI BAR

Qosiqtin' birinshi qatarin bir bala aytadı da ekinshi qatarın barlıq bala qosılıp aytadi.Oyindı gezeklesip oynawg'a da boladı.

*Birinshi bala:*
Apamnın' u'sh g'azı bar.
*Barlig'ı qosılıp:*
G'azı bar.
*Birinshi bala:*
Moyinları iyilgen.
*Barlig'ı:*
Iyilgen.
*Birinshi bala:*
Qabaqları tu'yilgen.
*Barlıg'ı:*
tu'yilgen.
*Birinshi bala:*
Moyinları qashan jazılar?
*Barlig'ı:*
jazılar.
*Ekinshi bala:*
Birewi onın' atı g'az,
*U'shinshi bala:*
Ku'ndiz o'zi jatadı az.
*Ekinshi bala:*
Atı g'az dim qa'wipli.
*U'shishi bala:*
Quwadı u'yrek, tawıqtı.
*Birinshi bala:*
Qorqadı onnan balalar
*To'rtinshi bala:*
Tislep alsa jara eter.
*Birinshi bala:*

A'jemnin' u'sh g'azı bar.

*Barlig'i:*

G'azı bar.

*Ekinshi bala:*

Moyni qalay jazılar.

*Barlig'i:*

Jazılar.

*U'shinshi bala:*

Sho'p julip keldik biz.

*Barlig'i:*

Keldik biz.

*To'rtinshi bala:*

Suw ha'm quyip berdik biz.

## 50. OYIN BASLAW

Kelin'ler oyin baslaymız,
Ilaqtırıp taslaymız,
Qaqshıp alip aspannan,
Gezeklesip uslaymız.

Kimge kelse en' ushı
Dep bilemiz jen'isi,
Sol baslaydı oyındı,
Alayıq so'ytip kelisip.

## 51. DOSLASIW

Ber dostım qolın'dı,
Dos bolg'anımız orınlı,
O'kpelesip ne taptım,
Ko'rset ja'ne sen sonı.

Endi arazlaspaymız,
Endi a'dep saqlaymız,
Burıng'ıday birlesip
Taza oyin baslaymiz.

Bag'qa birge kireyik,
Qol uslasip ju'reyik,
Dos bolg'annın' belgisi
Kel qosilip ku'leyik, xa-xa-xa.



## 52. A'TKO'NShEK

Kel a'tko'nshek tebemiz
Aspang'a jetip to'bemiz
Ko'terilip biyikke
Alislardı ko'remiz.

Kim qiziqsa kel deymiz,
Gezeklesip terbeymiz,
Birewimizge birewimiz,
Ja'rdemlesemiz erleymiz

Ko'kke jetip to'bemiz,
A'tko'nshekti tebemiz,
Birewimizge birewimiz,
Tu'sip orın beremiz.

## MAZMUNI


| | |
|---|---|
| Kiris so'z | 3 |
| An's hilar ha'm u'yrekler | 7 |
| Arqan tartıspaq | 7 |
| Arpa-gu'rpe | 8 |
| Aq terekpe, ko'k terek | 8 |
| Alma teriw | 10 |
| Aylanba du'rre | 10 |
| Atın aytıp aspang'a topti ilaqtırıw | 11 |
| Alaqanın'di ash | 11 |
| Awshilar | 12 |
| Arqan tartıspaq | 12 |
| Altı taban | 12 |
| Al da qash | 13 |
| Aldimda ne bar? | 13 |
| Ala qayıs | 14 |
| Basın'dı usla | 14 |
| Balıqshılar | 14 |
| Bir ayaqta sekiriw | 15 |
| Bilezik salıw | 15 |
| Bir birin tartip sızıqtan o'tkeriw | 15 |
| Bes qasıq | 17 |
| Dawısqa qulaq sal | 17 |
| Do'n'gelek sızıqqa sekiriw | 17 |
| Dawıstı tın'la | 18 |
| Jer almaq | 18 |
| Jip aylandırıw | 19 |
| Jasırınbaq | 19 |
| Jawın ha'm balalar | 19 |
| Jol soqpaq | 20 |
| Bos orın | 20 |
| Jer baspa | 20 |
| Zım-zıya | 21 |
| Jasırılg'an zat | 21 |
| Jayaw jarıs | 22 |
| Janbermek | 22 |
| Jip baylaw | 22 |
| Qol shappatlaw | 23 |
| Qorazlar urısı | 23 |
| Ko'z baylaw | 24 |
| Qıyıw | 24 |
| Qaqpan | 24 |
| Jasırınbaq | 26 |
| Bes barmaq | 26 |
| Poezd | 27 |
| Haywanatlar qalayinsha dawıslaydi? | 28 |
| Ushtı-ushtı ne ushtı? | 28 |
| Ha'kke qayda? | 29 |
| Qasqır qaqpan | 29 |
| Shirkeyler | 30 |
| Apamnın' u'sh g'azı bar | 31 |
| Oyın baslaw | 32 |
| Doslasıw | 32 |
| A'tko'nshek | 33 |

Du'ziwshiler: *P. Shılmanov, M. Abutov.*

**Ha'reketli oyınlar.**

***I-IV klaslar ushın didaktikalıq material.***

No'kis "Bilim" — 1996 jıl

Redaktor *G. Pirnazarova*
Xudojnik *E. Xojamuratov*
Xud. redaktor *A. Ametov*
Tex. redaktor *T. Maxsudova*

Original-maketten basiwg'a ruxsat etildi. Formati 60x84 1/16. Ofset qag'azı. Tip "Tayms" garniturası. Ofset baspa usılında basıldı. Ko'lemi 2,25 baspa tabaq. 2,09 sha'rtli baspa tabaq. 2,96 esap baspa tabaq. Nusqası 1500 Buyırtpa №60 Bahası sha'rtnama boyinsha.

"Bilim" baspası, 742000. No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ma'mleketlik baspa so'z komitetinin' No'kis poligrafkombinatı. 742000. No'kis qalası Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.